

E si mwen gen asirans sante?

Pifò konpayi asirans sante yo kouvri tès depistaj kansè nan tete, nan matris ak kolon gratis pou pasyan an. Sa gen ladan Medicaid ak plan nan New York State of Health. Verifye ak plan asirans ou a pou w konnen ki sèvis tès depistaj kansè yo kouvri.

E si mwen bezwen asirans sante?

Pou enskri nan New York State of Health la, rele nan **855-355-5777** oswa jwenn plis enfòmasyon sou sit entènèt yo a: nystateofhealth.ny.gov



Èske w te Konnen...

- Pi souvan yo jwenn kansè nan tete fanm ki gen laj 50 oswa plis. Fanm ki gen 50 rive 74 lane yo ta dwe fè yon mamogram chak dezan.
- Pi souvan yo jwenn kansè nan matris fanm ki pa t janm fè tès depistaj.
- Apeprè 9 kansè kolon sou 10 rive nan moun ki gen laj 50 oswa plis. Gason ak fanm ki gen laj 45 rive 75 lane dwe fè tès depistaj pou kansè nan kolon.

Kijan pou m jwenn yon CSP?

Lokal CSP w la se:



Ou ka rele tou nan **1-866-442-CANCER (2262)**. Apèl la gratis epi operatè yo disponib 24 trè sou 24, 7 jou sou 7 pou konekte w ak yon CSP ki toupre w. Nou pale panyòl. Gen sèvis tradiksyon pou löt lang.




Yon pwogram nan Depatman Sante a



Piblikasyon sa a te sipòte pa Akò Koperativ Nimewo (Cooperative Agreement Number) N5U58DP006309, ki finanse pa Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (Centers for Disease Control and Prevention). Kontni li yo se responsabilite sélmán otè yo epi yo pa nesesèman reprezante opinyon ofisyèl Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a(Centers for Disease Control and Prevention) oswa Depatman Sante ak Sèvis Imen(Department of Health and Human Services).

Jwenn Enfòmasyon yo sou Pwogram Sèvis Kansè Eta New York la



Pwogram Sèvis Kansè a bay tès depistaj kansè nan tete, matris, ak kolon GRATIS pou moun ki kalifye yo.

Rele **1-866-442-2262**

Kisa Pwogram Sèvis Kansè (Cancer Services Program, CSP) a ye?

CSP a se yon pwogram despitaj kansè nan Eta New York. Nou bay **tès kansè nan tete, matris ak kolorektal** (yo rele i kolon tou) tès depistaj kansè ak sèvis swivi gratis pou moun ki:

- Ap viv nan Eta New York
- Pa gen asirans sante
- Gen asirans sante ak pataje pri ki fè pri tès depistaj la twò wo
- Reponn ak kritè pwogram yo pou laj ak revni.



Poukisa pou mwen ta dwe fè tès depistaj pou kansè?

Tès depistaj kansè ka so sove lavi. Tès depistaj verifye siy kansè **avan gen sentòm oswa pwoblèm**.

Tès depistaj kansè pou tete, matris ak kolon **ka jwenn kansè bonè, lè li ka pi fasil pou trete**.

Kansè matris ak kolon **ka evite** si yo jwenn li bonè.

Kisa CSP Bay?

CSP bay tès depistaj kansè, tès swivi, èd pou jwenn tretman ak sèvis sipò.

TÈS DEPISTAJ KANSÈ

Tès Depistaj Kansè nan Tete

- Fanm ki gen laj 40 oswa plis
- Fanm ki poko gen 40 lane gen gwo risk pou gen kansè nan tete*

Tès depistaj kansè ka sove lavi!

Tès depistaj kansè nan matris

- Fanm ki gen laj 40 oswa plis

Tès Depistaj Kansè Kolon

- Moun ki gen laj 45 oswa plis gen yon pouvantaj risk pou gen kansè kolon.
- Moun ki gen plis oswa gwo risk pou gen kansè kolon*

*Se sèlman yon founisè swen sante ki gen lisans Eta New York ki ka deside gwo risk.

SWIVI POU TÈS ANÒMAL YO

Si yon tès depistaj jwenn yon bagay, CSP pral fè plis tès, yo rele tès sa yo tès dyagnostik. Tès sa yo ka di si yon bagay se kansè, oswa si se pa kansè.

EDE AK TRETMAN

- Si yo jwenn kansè nan tete, nan matris oswa nan kolon, CSP ede moun ki respekte règ pwogram yo enskri nan Pwogram Tretman Kansè Medicaid (Medicaid Cancer Treatment Program, MCTP) eta New York la. MCTP bay kouvèti Medicaid konplè pandan tout tan y ap trete yon moun pou kansè.
- Gason ki te dyagnostike ak kansè pwostat pa yon founisè swen sante ki patisce nan CSP ka anmezi pou enskri nan MCTP.

Nòt: CSP a pa peye pou tès depistaj kansè pwostat oswa tès dyagnostik.

SÈVIS SIPÒ YO

Navigasyon Pasyan an

- Anplwaye CSP ka ede w jwenn transpò, ak nenpòt lòt asistans ou ka bezwen, si w gen difikilite pou w ale oswa pran randevou pou tès depistaj ou.

Jesyon ka

- Administratè dosye CSP yo, asire yo pwograme randevou swivi pou plis tès epi pasyan yo gen sipò yo bezwen yo.

Lyen ki mennen nan Lòt Òganizasyon Sèvis Kansè

- Òganizasyon atravè Eta New York bay sèvis sipò pou Nouyòkè ki gen kansè ak fanmi yo. Rele nan **1-866-442-2262** pou jwenn sèvis, tankou gwoup sipò sivivan yo ak konsèyjenetik.